## Geografiya

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MIYNET RESURSLARÍNÍŃ QÁLIPLESIWINDE DEMOGRAFIYALÍQ FAKTORLAR HÁM XALÍQ MIGRACIYASÍNÍŃ TÁSIRI

**Auezov Omirbay Tazabaevich –** *stajyor oqıtıwshı*
omirbayauezov@mail.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ВЛИЯНИЕ ДЕМОГРАФИЧЕСКИХ ФАКТОРОВ И МИГРАЦИИ НАСЕЛЕНИЯ НА ФОРМИРОВАНИЕ ТРУДОВЫХ РЕСУРСОВ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН

**Ауезов Омирбай Тазабаевич** – *стажёр преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE IMPACT OF DEMOGRAPHIC FACTORS AND MIGRATION ON THE FORMATION OF LABOR RESOURCES IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN

**Auezov Omirbay Tazabaevich** – *trainee teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** mehnat resurslari, migratsiya harakati, emigratsiya, immigratsiya, reemigratsiya, tashqi migratsiya, ichki migratsiya.

**Rezyume.** Maqolada Qoraqalpog‘iston Respublikasida demografik omillar va aholi migratsiyasining mehnat resurslarining shakllanishiga ta’siri ko‘rib chiqiladi. Shuningdek, Qoraqalpog‘iston Respublikasi shahar va tumanlaridagi migratsiya jarayonlari o‘rganiladi.

**Ключевые слова:** трудовые ресурсы, миграционное движение, эмиграция, иммиграция, реэмиграция, внешняя миграция, внутренняя миграция.

**Резюме.** В статье рассматривается влияние демографических факторов и миграции населения на формирование трудовых ресурсов в Республике Каракалпакстан. Также изучаются миграционные процессы в городах и районах Республики Каракалпакстан.

**Key words:** labor resources, migration movement, emigration, immigration, re-emigration, external migration, internal migration.

**Summary.** The article examines the impact of demographic factors and population migration on the formation of labor resources in the Republic of Karakalpakstan. It also studies migration processes in the cities and districts of the Republic of Karakalpakstan.

**Kirisiw.** Keyingi jılları Qaraqalpaqstan xalqınıń sanınıń ósiwi hám onıń jaylasıwına ayrıqsha tásir etip atırǵan faktorlardan biri regionda júz berip atırǵan migraciya procesi bolıp tabıladı.

Migraciya jámiyettiń ajıralmas bir bólegi esaplanadı. BMShnıń jáhán mámleketlerinen 218 mámleket migraciya menen shuǵıllanǵan yaǵnıy Xalıqaralıq migraciya shólkemi (XMSh) prognozı boyınsha, 2030-jılǵa barıp, dúnya xalqınıń migraciya kórsetkishleri 300 million migrantqa jetiwi prognoz etilgen [5].

Miynet resursları jámiyettiń rawajlanıwında júdá áhmiyetli orındı iyeleydi. Miynet resurslarısız óndiriste, onıń materiallıq ónimi de bolıwı múmkin emes.

Miynet resurslarınıń sanı, dinamikası, quramı, jaylasıwı hám basqa kórsetkishlerin analizlegende, olar xalqtıń ajıralmas bólegi ekenligin tereń túsiniw zárúr. Adamzat jámiyetinde sociallıq, ekonomikalıq, demografiyalıq procesler kóp materiallıq óndiris qásiyetlerine baylanıslı halda ámelge asırıladı. Óndiris materiallıq formalarınıń rawajlanıwı, ilim-texnika rawajlanıwı jámiyettiń óndiriwshi kúshleriniń tiykarların belgilep beredi. Miynet resurslarınıń qáliplesiwi jámiyetlik óndiristiń kólemi, rawajlanıw pátleri hám bagdarların anıqlap ǵana qoymastan, jámiyet hám adamlardıń materiallıq turmıslıq talapların qanaatlandırıwdıń formaları hám dárejesin kórsetip beredi. Solay etip, tábiyiy hám tariyxıy rawajlanıw procesinde ózgeriwsheń sociallıq óndiristiń xarakteri miynet resursları qayta tikleniwiniń ózgesheliklerin anıqlap beriwshi materiallıq tiykar bolıp esaplanadı.

Bul proceste xalıqtıń sanı hám tirishilik qurallarınıń tikleniwinen ibarat bolgan uliwma bilimlendiriw hám mádeniy-texnikalıq dárejesi, dóretiwshilik qábiletleriniń úzliksiz ósiwi arqalı kórinetuǵın sapa ózgesheliklerin ózinde jámleydi. Bul hár qanday jámiyetke tán bolǵan adamlardı basqa adamlar menen, bir áwladtı keyingi áwlad penen almasıwın támiyinlewshi biologiyalıq process ǵana emes, al miynet resurslarınıń qayta jaratılıwı menen tolıqtırılıp barılatuǵın process.

**Ádebiyatlarǵa sholıwı.** Ózbekstanda xalıq hám miynet resursları, xalıqtıń migraciya processi boyınsha ózleriniń ilimiy jumısları hám ilimiy maqalalarında úyrengenligin kóriwimizge boladı hám olar M.K.Qoraxonov [11], I.Mullajanov [10], L.P.Maksakova [7], A.S.Soliev [6], D.G.Muminov [3], M.R.Borieva [8]. Z.N.Tojieva [8], S.S.Zokirov[8] hám basqalar. Qaraqalpaqstanda bolsa xalıq hám miynet resursları, xalıqtıń migraciya procesi boyınsha G.Utepova [9], G.Xodjaeva [4], N.J.Embergenov [1] hám basqalardıń ilimiy jumıslarında, ilimiy maqalalarında kórsek boladı respublika migraciya procesi boyında bir qansha maǵlıwmatlar berilgen.

**Tiykarǵı bólim.** Xalıqtıń sanınıń ósiwinde onıń tábiyiy kóbeyiwi tiykarǵı faktor esaplanadı. 2000-2024-jılları hár mıń adamǵa tuwılıw 24,0 den 22,1 ge, ólim 5,6 den 5,1 ge hám nátiyjede tábiyǵıy kóbeyiw 18,4 ten 17 ge azayǵan.

Tábiyiy kóbeyiw procesi aymaqlıq ayırmashılıqlarǵa iye bolıp, qubladan arqaǵa qaray kemeyip barǵan. Izertlew dáwirinde respublikada xalıq sanınıń ósiwine onıń migraciyası da belgili dárejede tásir etken. Bul process respublikada emigraciyanıń immigraciyaǵa salıstırǵanda artıqmashlıǵı hám bunıń nátiyjesinde migraciyanıń unamsızlasıwı menen xalıq sanınıń ósiw pátiniń tómenlep barıwında óz kórinisin tapqan. 1991-2021-jıllar dawamında Qaraqalpaqstanda jámi immigraciya 456,7 mıń adamdı, emigraciya bolsa 712,7 mıń adamdı quraǵan. Nátiyjede migraciya qaldıǵı minus 256,0 mıń adamǵa teń bolǵan.

Migraciya kórsetkishleri ótken jıllar dawamında birdey muǵdarda bolmaǵan. Máselen, dáslepki jılları respublikada immigraciya hám emigraciya joqarı bolǵan hám bul process 2000-jıllarǵa shekem tómenlegen. 2000-2012-jıllar dawamında immigraciya turaqlı bolsa, emigraciya biraz kóbeygen. Bunıń aqıbetinde migraciya qaldıǵı keskin dárejede unamsız tárepke ózgergen. Bunı tiykarınan 2000-2001-jıllarda baqlanǵan suw tamtarıslıǵı mashqalası menen baylanıstırıw múmkin. 2015-jildan keyin emigraciya procesi sezilerli dárejede azayǵan bolsa da, immigraciyadan joqarılıǵı saqlanıp qalmaqta.

Miynet resursları óndiriwshi kúshlerdiń tiykarǵı ajıralmas bólegi, insan óndiris qatnasıqlarınıń anıqlawshısı bolıp esaplanadı. Insan jańa áwladtı qayta jaratıwdıń tiykarın salıwshı bolıp, ol óndiristiń rawajlanıw procesi menen birgelikte ámelge asadı. Insan menen tábiyat arasındaǵı qatnasıqlarda óndiris baylanıslarınıń ózgesheliklerinde óndiriwshi kúshlerdiń rawajlanıwın támiyinlewshi tiykar boladı. Materiallıq óndiristiń úzliksiz dawam etiwi, úzliksiz túrde qayta tikleniwshi turmıslıq process – miynet resursları, jumısshı kúshi hám ulıwma, jańa áwladtı qayta jaratıw ushın jeterli sharayatlar bar [3].

Xalıq hám miynet resurslarınıń qayta tolısıwında júdá kóp faktorlar tikkeley hám tikkeley emes tásir etedi. Bular qatarında ekonomikalıq, sociallıq, demografiyalıq, geografiyalıq faktorlar ayrıqsha orın tutadı. Tikkeley tásir etiwshi faktorlar qatarında demografiyalıq faktor ayrıqsha orın ieleydi. Bul faktor xalıqtıń qayta tikleniw procesine xalıqtıń dinamikası, tábiyiy kóbeyiw koefficientleri, jas hám jınıs quramındaǵı bar ayırmashılıqlar arqalı tásir kórsetedi.

Biraq, xalıqtıń sanı hám onıń ósiw pátleri menen óndiriwshi kúshlerdiń tiykarǵı elementi – miynet resursları arasındaǵı baylanıs basqasha túske iye. Bizge belgili, xalıqtıń qayta tikleniw procesinde miynet resursları da qayta tiklenedi. Xalıq, eń dáslep, onıń miynetke jaramlı bólegi miynet resurslarınıń qáliplesiwinde tiykarǵı faktor esaplanadı.

Miynet resurslarınıń sanı hám quramı migraciyalıq hám sociallıq háreketler nátiyjesinde qáliplesedi. Olar xalıqtıń jas hám jınıs quramında ózgerislerge alıp kelip, miynet resursları dinamikasın belgilep beredi.

Biraq xalıq ta, miynet resursları da hár qıylı materiallıq hám ruwxıy imkaniyatlarǵa iye bolǵan adamlar jıyındısınan ibarat.

Miynetke jaramlı xalıq ta ózine tán basqıshlardı basıp ótedi. Sociallıq-ekonomikalıq kózqarastan miynetke jaramlı jastaǵı xalıq hám de usı jastaǵı miynetke jaramsız xalıq (tuwma hám miynet mayıpları) toparlarǵa bólinedi.

Miynetke jaramlı jastaǵı xalıq tábiyiy-biologiyalıq hám sociallıq-ekonomikalıq jaqtan joqarı dárejedegi belsendiligi menen ajıraladı. Miynet resursları qatarına, miynetke jaramlı xalıq penen bir qatarda óndiriste bánt bolǵan jas óspirimler hám qariyalar da kirgiziledi.

Xalqınıń kóbeyiwi hár qıylı bolǵan mámleketlerde xalıq penen miynet resursları arasında salıstırmalı teńsalmaqlılıq baqlanadı.

Miynetke jaramlı xalıqtıń qáliplesiwine xalıqtıń qayta qáliplesiwin belgilep beriwshi processler birgelikte hám hár biri óz aldına tásir kórsetedi. Eger tuwılıw joqarı kórsetkishler menen kórsetilse, dáwir basında miynetke jaramlı xalıqtıń úlesi tómen boladı, kerisinshe balalar salmaǵı ósedi. Belgili waqıttan keyin erjetken balalardıń qosılıwı nátiyjesinde miynetke jaramlı xalıqtıń absolyut kórsetkishleri óse baslaydı. Tap usınday jaǵday belgili waqıttan keyin kekse jastaǵı xalıq qatlamında da baqlanadı.

Tuwılıwǵa evolyucion háreket tán. Sonıń ushın onıń miynetke jaramlı xalıqqa hám ol arqalı miynet resurslarına bolǵan tásirin aldınnan jobalastırıw múmkin [2].

Sonday-aq ólimshilik bolsa bir qatar ózgeshelikleri menen tuwılıwdan parıq qılıp, miynet resursları qatarına ózine tán tásir kórsetedi. Tuwılıwda sociallıq-ekonomikalıq faktorlardıń tásiri belgili waqıttan keyin óz kórinisin tapsa, ólim procesinde olardıń tásiri salıstırmalı qısqa dáwir dawamında óz nátiyjelerin beredi.

Miynet resurslarınıń qayta tikleniwine xalıqtıń jası hám jınıslıq quramı júdá úlken tásir kórsetedi [4].

Bizge belgili, adamlardıń turmıslıq iskerligi olardıń jasına baylanıslı halda ózgeredi. Xalıqtıń jas quramındaǵı ózgerisler onıń demografiyalıq hám sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń kórinisi esaplanadı. Miynet resurslarınıń qáliplesiw procesine tikkeley qatnası bolǵan xalıqtıń jas quramı belgili waqıttan soń aymaqlar hám mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwına da ózine tán tásir etedi.

Miynet resurslarınıń qayta jaratılıw kózqarasınan xalıqtıń jas quramınıń úsh ajıralmas bólegi-balalar hám jas óspirimler, er jetiw dáwirin izertlew úlken áhmiyetke iye. Sebebi xalıqtıń jas quramı miynet resurslarınıń qayta tikleniwin, óndiris kólemi hám quramın, sociallıq tarawdıń rawajlanıwın, investiciyalar muǵdarı hám olardı jaylastırıw jerlerin anıqlawda tiykarǵı faktor esaplanadı.

Jas quramı tek xalıq yamasa miynet resursları emes, al ulıwma óndiristi qayta tiklew procesin izertlewde júdá úlken áhmiyetke iye. Xalıqtıń jas quramı demografiyalıq hám sociallıq-ekonomikalıq kózqarastan ayırım toparlarǵa ajıratıp úyreniledi.

Miynet resurslarınıń qayta jaratılıwı procesinde xalıqtıń jınıslıq quramı da áhmiyetli bolıp, ol miynet resurslarınıń jaratılıwına eki bagdarda tásir etedi. Birinshiden, tikkeley miynet resurslarınıń qáliplesiwinde, ekinshiden, miynet resursların jumıs penen támiyinlewde óz kórinisin tabadı. Bunda erkeklerdiń hayallarǵa qaraǵanda ekonomikalıq belsendiligi, fizikalıq kúshliligi hám basqa ózgeshelikleri itibarǵa alınıwı zárúr.

Bizge belgili, respublika ekonomikasın kóteriwde demografiyalıq faktor barqulla óziniń úlken tásirine iye bolıp kelgen. Demografiyalıq faktor bolsa miynet resurslarınıń qáliplesiwine óz tásirin kórsetedi [1].

Xalıq hám miynet resurslarınıń qayta tikleniwine júdá kóp faktorlar (ekonomikalıq, sociallıq, demografiyalıq, geografiyalıq) úlken tásir kórsetedi. Olardıń ishinde

demografiyalıq faktor áhmiyetli orın iyeleydi. Ol sap demografiyalıq kórsetkishler esaplanǵan xalıqtıń jas hám jınıs quramı hám de olardaǵı ayırmashılıqlar, tábiyiy ósiw koefficientleri arqalı miynet resurslarınıń qayta tikleniwine óz tásirin kórsetedi.

Miynet resurslarınıń qáliplesiwi kózqarasınan dúnya mámleketlerin eki tipke ajıratıw múmkin. Dúnyanıń ayırım úlke hám mámleketlerinde (Batıs Evropa hám Arqa Amerika) tábiyiy ósiw tómenligi hám xalıqtıń jas quramında kekseler salmaǵınıń artıp baratırǵanlıǵı sebepli miynet resurslarınıń jetispewshiligi baqlanbaqta. Sonıń ushın Batıs Evropa, Arqa Evropa, Arqa Amerika, Jaqın hám Orta Shıǵıs hám basqa aymaqlardan keliwshi "jumısshı kúshi" migraciyanıń orayına aylandı [6].

Xalıqtıń tábiyiy ósiwi joqarı bolǵan Aziya, Afrika, Latın Amerikası mámleketlerinde bolsa miynet resursları barǵan sayın artıp barmaqta. Sebebi, bul mámleketlerde tuwılıw hám tábiyiy ósiw joqarılıǵı sebepli balalar salmaǵı úlken. Bul bolsa belgili waqıttan soń miynet resursları sanınıń ósiwine alıp keledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında tábiyiıy ósiw sońǵı jılları turaqlasıp atırǵan bolsa da, biraq xalıq hám miynet resurslarınıń absolyut sanı artıp barmaqta. Xalıq jılına ortasha 25-27 mıń adamǵa kóbeyip atırǵan bolsa, miynet resursları qatarına 5-6 mıń adam kelip qosılmaqta.

Miynet resurslarınıń qayta tikleniwine xalıqtıń jas hám jınıs quramı da úlken tásir etedi. Sebebi xalıqtıń turmıslıq iskerligi jasqa baylanıslı halda ózgerse, miynet resursları jumıs penen támiyinlew onıń jınıslıq hám jas quramına da baylanıslı boladı.

Qaraqalpaqstan xalqınıń quramında 2020-jılda xalıqtıń 0-15 jasqa shekemgi balalar hám jas óspirimler úlesi ulıwma xalıqtıń 31%, 16-59 jasqa shekemgi 62% hám 60 jastan joqarı bolsa 7% xalıqqa tuwrı kelmekte. Respublika xalqınıń jas quramı jaǵınan qala hám awıl xalqı arasında ayırmashılıqlar bar. Bunda xalıqtıń tuwılıwında jas áwladtıń salmaǵı kóbirek. Bulardan kórinedi, jaqın keleshekte miynet resursların jumıs penen támiyinlew onıń jas quramına da baylanıslı boladı.

Sonday-aq, Qaraqalpaqstan miynet resursların jumıs penen támiyinlewde úlken ekonomikalıq potencialǵa iye, Rossiya, Qazaqstan hám Koreya Respublikası, Evropa mámleketleriniń imkaniyatınan paydalanıw múmkin. Bizge belgili, Rossiya Federaciyası hám Qazaqstan mineral resurslarǵa bay mámleketler qatarına kiredi. Bul mámleketlerde jaylasqan jańa kánlerdi ózlestiriw hám ekspluataciyalawda Ózbekstan miynet resurslarınan paydalanıw múmkin. Bunıń ushın usı mámleketlerge jumısshı-xızmetkerler jumıs islew ushın jiberiledi.

Jumisshi kúshi migraciyasın shólkemlestiriw waqtında tómendegilerge itibar beriw zárúr: [7]

— jiberilip atırǵan miynet resursların oqıtıp, belgili kásip-ónerge úyretiw;

— shet elge jiberilip atırǵan miynet resurslarına hár bir rayon hám qala oraylarında bántlik bólimlerde dizimnen ótkeriw;

— shártnama múddeti tamam bolǵannan soń, miynet resurslarınıń shet elde qalıp ketpewi ushın sol jerdegidey qolaylı sharayatlar jaratıp beriw, yaǵnıy olardı zárúr jumıs orınları hám aylıq penen támiyinlew.

Jumisshi kúshi migraciyası hám onıń múddetleri húkimetler ortasında dúziliwi hám házirgi sharayatta miynet resursların sırt mámleketlerge islew ushin bir neshe aydan 1-2 jilga shekem jiberiw maqsetke muwapıq.

Miynet resurslarınıń qáliplesiwi hám qayta bólistiriliwi kózqarasınan xalıqtıń migraciyasın úyreniw de úlken áhmiyetke iye. Sebebi, xalıqtıń migraciyası miynet resurslarınıń qáliplesiwine, aymaqlıq quramına, sonday-aq, mámlekettiń ekonomikalıq-sociallıq rawajlanıwına úlken tásir etedi.

Respublika xalqınıń migraciyalıq háreketi sońǵı jılları unamsız kórsetkish bolıp qalmaqta. 2000-2025-jıllardı qamtıp alǵan dáwirde mámleketke 48628 mıń adam kirip keldi hám 74956 mıń adam shıǵıp ketti. Nátiyjede migraciya saldosı minus 26328 mıń adam menen juwmaqlandı. Bunnan kórinip turǵanınday, kóship ketip atırǵanlardıń sanı kóship kiyatırǵanlarǵa salıstırǵanda elege shekem kópshilikti quraydı. Bul hádiyse uzaq jıllardan berli dawam etip kelmekte.

2000-2024-jıllarda migraciyalıq ósiwdiń unamsız kórsetkishleri sezilerli dárejede azayıp atırǵanlıǵın atap ótiw kerek. Máselen, 2000-jılǵı unamsız migraciya saldosınan (-3919 adam), 2010-jılda (-12696 adam), 2020-jılda (-4739), 2024-jılǵa kelip (-4414) adamǵa shekem kemeygen. Bulardan sonday juwmaq shıǵarıw múmkin, respublika xalqınıń aymaqlıq háreketindegi unamsız saldo keyingi jıllarda kemeyip barmaqta.

Paytaxt, Nókis qalasında 2000-jılı 4482 adam, 2010-jılı 3709 adam, 2020-jılı 2258 adam kóship keldi. 2000-jılı immigrantlardıń eń kóp awıllıq rayonlarda Xojeli rayonına 1437 adam, eń azı Moynaq rayonına 205 adam tuwra keldi. 2010-jılı bul kórsetkish 1719 adam, biraq eń kem ózgergen Qońırat rayonına 101 adam tuwrı keledi. Demek 2020-jılǵa kelip eń kóbi Nókis rayonı 741 adam kelgen bolsa, Bozataw rayonına bolsa eń kem 108 adam tuwrı keledi. 2025-jılǵa kelip ózgerisler bar hám Nókis rayonına 1041 adam, Qaraózek rayonına 112 adam tuwrı keledi.

Respublika kóleminde xalıqtıń belsendi aymaqlıq háreketi boyınsha 2024-jılı Nókis qalası, Nókis, Xojeli, Ámiwdárya, Tórtkúl rayonları ajıralıp turadı

Keri migraciya saldosınıń eń úlken kórsetkishi Xojeli rayonına tuwra keledi. 2000-jılı Xojeli rayonına 1437 adam kóship kelgen bolsa, ketkenler sanı 2195 adamdı quradı. Unamlı migraciya saldosı 758 di quradı. 2025-jılǵa kelip bul kórsetkish Ámiwdárya rayonına 1468 adam qosılıp ketken bolsa, kelgenler sanı 838 adamnan ibarat boldı. Keri migraciya saldosı 630 adam menen juwmaqlandı.

**Juwmaq.** Migraciyada miynetke jaramlı jastaǵı xalıq (16-60 jas) belsendi qatnasadı. Kerisinshe, miynetke jaramlı jasqa shekemgi (0-15 jas) hám miynetke jaramlı jastan ótken (60 jas hám onnan úlken) xalıq az qatnasadı.

Joqarıdaǵılardan kórinip turǵanınday, keri migraciya saldosı esabınan respublika xalqınıń bir bólegin joǵaltpaqta. Biraq, respublikadaǵı demografiyalıq hám sociallıq-ekonomikalıq jaǵday sırtqı migraciyalıq baylanıslardı jáne de kúsheytiwdi talap etedi. Miynet resursların shártnama tiykarında "vaxta usılı"nda belgili múddetlerde sırt mámleketlerge barıp islewleri boyınsha migraciya baylanısların hár tárepleme rawajlandırıw zárúr.

## Ádebiyatlar

1. Embergenov N.J. Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń ósiwiniń jaylasıwındaǵı ózgeshelikleri. g.i.k. ilimiy dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertaciya jumısı. – Tashkent: 2011.
2. Embergenov N.J., Tursınov M.J., Alieva B.A. Demoekologicheskie problemı regiona Priaralya. – Toshkent: O‘zbekiston geografiya jamiyati, 2014.
3. Muminov D.Ǵ. Xalıqtıń geografiyası hám demografiya tiykarları. (oqiw qollanba). – Tashkent: 2001.
4. Xodjaeva G.A., Embergenov N.J. Qaraqalpaqstan Respublikası demografiyası. – Nókis: «Miraziz Nukus», 2021. 56-b.
5. Derek: https://center-yf.ru/data/stat/migraciya.php
6. Soliyev A.S., Komilova N.K., Yanchuk S.L., Jumaxanov Sh.Z., Rajabov F.T. Iqtisodiy va ijtimoiy geografiya. Darslik. – Toshkent.: Universitet, 2019.
7. Максакова Л.П. Миграция населения. – Тошкент: «Ўзбекистан», 2000.
8. Bo‘rieva M.R., Tojieva Z.N., Zokirov S.S. Aholi geografiyasi va demografiya asoslari. – Toshkent: «Tafakkur» 2011.
9. Utepova G.B. Mustaqillikning dastlabki davrida Qoraqalpog‘iston Respublikasi qishloq joylarining demografik rivojlanishi va mehnat resurslari muammolari. (Monografiya) – Nukus: «Ilimpaz», 2025.
10. Мулляджанов И.Р. Демографическое развитие Узбекской ССР. – Тошкент: «Ўзбекистан», 1983.
11. Корахонов М. Демографические процессы в Средней Азии. В кн.: Брачность, рождаемость, смертность в СССР. – Москва: «Статистика», 1977.